CIRCLE CITY SCHOOLS



MANYEL POU ELEV AK FANMI

2026-2027

Konsèy Administrasyon an apwouve 05/20/2026

Chè Fanmi City Schools yo,

Se yon onè pou nou swete w byenveni nan Circle City Schools, Circle City Prep ak ACE Prep! Nou konnen siksè elèv nou yo depann de sipò paran/responsab nou yo ansanm ak travay di ekip nou an. Nou anvi kreye patenarya ki pozitif avèk nou chak. Nou atann anpil nan men manm kominote Circle City Schools, e an retou, ou ka atann anpil nan men nou.

Paj sa yo ap ede w adapte w ak pwosedi, règleman ak pratik lekòl yo, epi yo ta dwe sèvi kòm yon resous pou fanmi yo depi premye jou lekòl la rive nan dènye jou a. Malgre nou pa ka di manyèl sa a pral reponn tout kesyon w yo, li gen enfòmasyon enpòtan, kidonk tanpri pran tan pou li l ak anpil atansyon.

Nan manyèl sa a, ou pral aprann anpil bagay diferan konsènan Circle City Schools yo. Ou pral aprann sou fason lekòl la òganize, règleman nou genyen an plas yo, ak sa nou atann de manm kominote lekòl nou an. Si yon règleman chanje nan nenpòt ki moman pandan ane a, w ap resevwa yon mesaj ekri nan Dosye Lifework pitit ou a oswa atravè platfòm kominikasyon familyal nou an, ParentSquare.

Megan Murphy Fondatè & Direktè Egzekitif	Samantha Hyde Direktè Lekòl CCP - Akademik	Alise Dalstrom Direktè Lekòl CCP - Eksperyans Elèv	Amanda Liles Direktè Lekòl ACE Prep la

SA K LADAN L

MISYON 5
RESPONSABILITE AK OBLIGASYON 5
ENFÒMASYON KONTAK KI ENPÒTAN 6
RÈGLEMAN AK PWOSEDI LEKÒL LA 7
ORÈ FONKSYÒNMAN LEKÒL LA 7
LAGE LEKÒL 7
RIVE LEKÒL 8
RÈGLEMAN KONSÈNAN POLITIK PREZANS ELÈV YO 9
FÈMEN AKÒZ MOVE TAN 11
LIFEWORK (DEVWA LAKAY) 11
RÈGLEMAN SOU INIFÒM LEKÒL 12
MATERYÈL LEKÒL 13
LAJAN POU PEYE LEKÒL 14
VIZIT SOU TEREN (VWAYAJ LEKÒL) 14
RÈGLEMAN ANRAPÒ AK KOMINIKASYON SAN FIL 15
AKADEMIK 16
PERYÒD NÒT, RAPÒ PWOGRÈ, KANÈ, AK REYINYON LEKÒL-PARAN 16
RÈGLEMAN POU MONTE NAN LÒT KLAS / DOUBLE KLAS 16
RÈGLEMAN KONSÈNAN GRADYASYON 16
EDIKASYON ESPESYAL 16
ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG (MLL, ELÈV K AP APRANN ANGLÈ) 17
RETIRE NAN LEKÒL LA 17
PWOTEKSYON AK SEKIRITE NAN BILGING NAN 18
ÒGANIZASYON AK AKTIVITE KRIMINÈL YO 18
KAMERA SEKIRITE 18
ETABLISMAN FÈMEN 18
RÈGLEMAN POU VIZITÈ YO 18
PWOSEDI SEKIRITE DIFE 19
ANVIWÒNMAN KI SAN DANJE POU MOUN KI GEN ALÈJI 19
ENFÒMASYON PARAN/RESPONSAB 20
DWA PARAN YO POU YO RESEVWA ENFÒMASYON 20
KLAS VIZITÈ 20
SIKILÈ A 20
REYINYON PARAN YO 20
PANTHER PARENTS AK DEFANSÈ ACE YO 20
POLITIK TIT IX 20
BYEN KI PÈDI AK BYEN YO VÒLÈ 21
TRANSPÒ 21
DOSYE LEKÒL 21

FOTO, VIDEYO, ODYO, KÒMANTÈ ANREJISTRE: 22
KONBAT DISKRIMINASYON 22
TEKNOLOJI 23
ITILIZASYON CHROMEBOK 23
RÈGLEMAN SOU ITILIZASYON ENTÈNÈT 23
NITRISYON 26
DEJENE AK MANJE MIDI LEKÒL 26
SELEBRASYON ANIVÈSÈ 26
RÈGLEMAN ANRAPÒ AK POLITIK BYENNÈT 26
RÈGLEMAN ANRAPÒ AK DISIPLIN 27
JESYON KONPÒTMAN 28
POLITIK SOU ASÈLMAN AK ENTIMIDASYON 31
SISPANSYON AK EKSPILSYON 33
KALANDRIYE LEKÒL 2026 - 2027 36
AKÒ PARAN/RESPONSAB CIRCLE CITY SCHOOLS 37

MISYON

Misyon Preparasyon Circle City
Atravè ekselans nan enstriksyon akademik ak devlopman karaktè, Circle City Preparatory Charter School asire l tout elèv K-8 yo vize lwen, moun ki gen bon jan kapasite pou aprann epi responsab, lidè pozitif sou chemen pou ale nan inivèsite ak yon lavi ki gen opòtinite.

Misyon ACE
Atravè kou ki solid, devlopman karaktè pozitif, ak ekselans nan tout sa nou fè, ACE Preparatory Academy Charter School edike tout elèv Kindègadenn jiska 6yèm ane pou siksè lekòl ak lavi ki gen opòtinite.

RESPONSABILITE AK OBLIGASYON

Filozofi Nou
Circle City Schools (Circle City Prep ak ACE Prep) egzije manm kominote nou an – elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo – pou yo respekte pi wo nivo estanda yo. Nou konnen ou te chwazi lekòl yo paske ou kenbe menm nivo wo sa yo pou pitit ou a, epi ou anvi travay avèk nou pou maksimize siksè pitit ou a.

Pou bay pi bon edikasyon pou elèv Circle City yo, nou tout dwe travay ansanm pou kreye yon anviwònman ekselans. Kòd Kondwit nou an baze sou responsablite ak obligasyon.

Akò Circle City ki nan dènye paj la dekri responsablite lekòl la, fanmi an ak elèv la pandan ane k ap vini an. Akò a pa yon lis konplè sou sa ki dwe fèt, men li reprezante eleman esansyèl nan pwogram akademik nou an.

Manyèl sa a pa yon kontra. Nenpòt nan règleman ki detaye nan manyèl sa a ka modifye selon sa lekòl la deside nenpòt lè.

Valè ak Atant Fondamantal Circle City Prep yo
- **Detèminasyon**: Nou fè tout efò nou e nou pa pè echèk.
- **Pwodiktivite**. Nou pa janm abandone. Nou mande èd epi nou itilize resous nou pou n rezoud pwoblèm.
- **Entegrite**: Nou pran aprantisaj ak aksyon nou sou responsabilite nou. Nou swiv enstriksyon yo premye fwa a. Nou aji yon fason ki apwopriye si ak lè nou fè yon erè epi nou resevwa koreksyon oswa yon konsekans.
- **Vwa**: Nou pale yon fason ki demontre respè e ki apwopriye pou nou defann sa nou kwè. Nou travay pou nou fè chanjman pozitif.
- **Antouzyas**: Nou bay tout lajwa ak enèji pozitif nou nan tout sa n ap fè.

Valè fondamantal ACE Prep yo
- **Kouraj:** Nou fè sa ki byen paske se sa ki bon pou nou fè.
- **Antouzyas:** Nou vin lekòl ak anvi pou nou aprann.
- **Pwogrè:** Nou fikse objektif pou nou ale lwen epi nou travay pou atenn yo.
- **Responsabilite:** Nou responsab pwòp aksyon nou.
- **Andirans:** Nou travay pi lontan lè travay la pi difisil.
- **Reyalizasyon:** Nou panse se yon bèl bagay lè yon moun entèlijan.
- **Ekip:** Nou kwè travay ansanm fè lide nou yo vin pi solid.

ENFÒMASYON KONTAK KI ENPÒTAN

Biwo Prensipal
Paran/responsab yo ka kite mesaj pou pwofesè ak anplwaye yo nan biwo lekòl la. Nou fè efò pou nou retounen apèl yo nan yon jou lekòl apre yon paran/responsab kite yon mesaj.

	Circle City Prep	**ACE Prep**
Telefòn	(317) 643-4209	(317) 744-9847
Voye yon tèks nan	(317) 970-4225	
Imel	receptionist@circlecityprep.org	receptionist@aceprepacademy.org

Kontakte Lidèchip Lekòl la

Lekòl	**Wòl**	**Non**	**Imel**
Distri Circle City Schools	Fondatè & Direktè Egzekitif	Megan Murphy	mmurphy@circlecityschools.org
Distri Circle City Schools	Direktè Lavi Elèv yo	Rebah Ginn	rginn@circlecityschools.org
Distri Circle City Schools	Direktè Rekritman ak Enskripsyon Elèv	Dymon Barrett	dbarrett@circlecityschools.org
Circle City Prep	Direktè Lekòl - Akademik	Sami Hyde	shyde@circlecityprep.org
Circle City Prep	Direktè Lekòl - Eksperyans Elèv	Alise Dalstrom	adalstrom@circlecityprep.org
Circle City Prep	Responsab Elèv Ki Pale Plizyè Lang	Holly Thompson	hthompson@circlecityprep.org
Circle City Prep	Responsab Edikasyon Espesyal	Mackenzie Purvis	mpurvis@circlecityprep.org
ACE Prep	Direktè Lekòl la	Amanda Liles	aliles@aceprepacademy.org
ACE Prep	Pwofesè Edikasyon Espesyal	Lo Sloat	lmcallen@aceprepacademy.org

Lapòs
Ou ka ekri direksyon lekòl la ak Konsèy Administrasyon/Administratè yo tou si w gen enkyetid oswa pwoblèm ou vle pale sou yo. Tanpri voye lèt ou a bay biwo lekòl la: 4002 N Franklin Road, Indianapolis, IN 46226.

Sit entènèt
Lekòl la pibliye dokiman sou sit entènèt Circle City Prep la ak ACE Prep la: www.circlecityprep.org ak www.aceprepacademy.org

RÈGLEMAN AK PWOSEDI LEKÒL LA

ORÈ FONKSYÒNMAN LEKÒL LA

Pou maksimize tan aprantisaj la, Circle City Schools gen yon jounen ak yon ane lekòl pwolonje, soti out rive nan fen me.

- Soti lendi rive jedi, jounen lekòl la kòmanse a 8:00 am epi li fini a 4:00 pm.
- Le vandredi, jounen lekòl la kòmanse a 8:00 am epi li fini a 1:30 pm.
- Elèv ki rive nan biliding nan aprè 8:16 am y ap make anreta pou yo. Yo bay yon dejene konplè pou elèv ki rive apre 8:16 am ak anvan 9:00 am. Apre 9:00 am, y ap bay elèv yo yon moso granola.
- Bilding yo ap ouvri chak jou a 7:55 am. Pou rezon sekirite, yo pa ta dwe depoze elèv yo pi bonè, sof si yo enskri pou gadri maten.

LAGE LEKÒL

Pou kreye yon pwosesis pou kote elèv yo lage lekòl yon fason ki efikas e ki fèt an sekirite, tout responsab/paran yo ta dwe rete nan machin yo pandan y ap lage a, sof si Elèv la apye. Si paran/responsab la gen yon reyinyon pwograme ak yon manm ekip la, yo pa ta dwe antre lekòl la anvan 4:10 pm.

Lekòl nou yo sèlman lage elèv nou yo bay granmoun otorize jan sa mansyone sou fòmilè Kontak Ijans elèv la. Si w ta renmen yon nouvo moun vin chèche pitit ou a, ou dwe otorize moun sa a alekri atravè yon nòt ekri epi ki gen siyati paran/responsab la, swa nan dosye Lifework pitit ou a oswa nan imel. Nou egzije yon pyès idantite tou lè w vin chèche yon timoun. *Dezole, apèl nan biwo a p ap bay otorizasyon pou w ajoute yon moun nan lis pou vin chèche pitit ou a.*

Nenpòt chanjman nan woutin pou vin chèche elèv ki abitye fèt yo (tankou pa rete nan gwoup travay yo) dwe kominike bay biwo akèy la anvan 3 pm, si se pa sa pwosesis pou vin chèche a p ap chanje epi y ap mande w pou w pake nan yon plas vizitè jiskaske yo fin lage.

Fanmi yo P AP ka vin chèche elèv yo anvan lè sof si yo te avèti biwo akèy la davans. Tout elèv yo vin chèche anvan lè yo dwe ale anvan 3:15 pm paske tout anplwaye nan biwo akèy la ak ekip operasyon yo ap travay pou elèv ki pral lage apre lè sa a. Paran ak responsab ki rive anvan lè elèv yo lage a, men apre 3:15 pm, dwe tann deyò bilding lekòl la jiskaske elèv yo lage nan lè nòmal yo. Si paran oswa responsab yo bezwen pale ak yon pwofesè oswa fè nenpòt lòt bagay nan klas la, sa ta dwe fèt apre elèv lage a lè pwofesè ak anplwaye yo disponib.

RÈGLEMAN POU MOUN KI VIN CHÈCHE ELÈV ANRETA

Lendi – Jedi: Yo dwe vin chèche elèv yo anvan 4:10 pm chak aprèmidi, sof si yo enskri nan yon klèb oswa nan pwogram gadri apre lekòl.

Vandredi: Nou atann pou yo vin chèche elèv yo anvan 1:45 pm.

Y ap fè fanmi yo peye $1 pa minit pou chak minit elèv yo rete lekòl la apati 4:16 pm soti lendi rive jedi, ak 1:46 pm le vandredi. Tout montan yo dwe peye san pèdi tan epi y ap rete kòm balans ki dwe jiskaske yo peye. Tanpri sonje nenpòt lajan ou voye nan lekòl la ap aplike anvan nan nenpòt balans anreta anvan li ka aplike nan lòt aktivite ki mande pou peye.

- Si yo pa vin chèche yon elèv anvan 4:30 pm (oswa 2:00 pm le vandredi) apre yo fin eseye kontakte paran/responsab la ak kontak ijans yo, Lekòl yo ka kontakte Depatman Sèvis pou Timoun (DCS).

RÈGLEMAN POU LAGE ANVAN LÈ

Paran ak responsab ki vin chèche elèv anvan lè yo eksepte pou sikonstans espesyal ki te planifye davans, ta dwe konprann sa deranje jounen lekòl la ak edikasyon timoun nan. Paran yo ta dwe kominike avèk biwo resepsyon an. Anplis de sa, paran an oswa responsab la dwe siyen pou elèv la soti nan Biwo Akèy la anvan yo pèmèt elèv la soti nan lakou lekòl la. Tout elèv k ap kite lekòl la anvan lè dwe ale anvan 3:15 pm. Tanpri sonje: Si yo vin chèche yon elèv anvan lè twòp fwa oswa regilyèman, Responsab Sekirite ak Prezans Rezo a ka pran sitiyasyon an an chaj.

Randevou doktè ak dantis yo ta dwe limite a lè ki pa lekòl pou evite elèv yo rate kou. Paran ak responsab yo ta dwe enfòme pwofesè klas yo ak/oswa biwo akèy la lè elèv yo prale anvan lè. Pwofesè yo ap responsab pou prepare Elèv la ak materyèl nan lè yo mande a pou minimize deranjman nan lè kou ap fèt.

LAGE PI BONÈ NAN VANDREDI

Elèv yo fini kou a 1:30 pm chak vandredi pou bay pwofesè yo lè regilye pou yo reyini epi fè devlopman pwofesyonèl.

RIVE LEKÒL

Yo mande tout responsab/paran yo pou yo rete nan machin yo lè elèv yo rive, sof si elèv la vini apye. Akonpaye elèv yo rive nan pòt la deranje deplasman epi li ka danjere.

RÈGLEMAN KONSÈNAN RETA

Òganizasyon nou an bay ponktyalite valè. Se yon konpetans enpòtan nan lavi a epi yon fason pou montre respè pou lòt moun. Menm jan nou atann pou anplwaye yo rive a lè pou elèv yo, fanmi yo bezwen asire ke elèv yo rive lekòl alè. Sa a pi enpòtan toujou paske Elèv nou yo kòmanse aprantisaj yo depi lè yo antre nan bilding nan. Elèv yo gen devwa maten ak travay touswit apre dejene. Si yon Elèv rive an reta lekòl, li rate devwa maten Bright Work yo, li deranje aprantisaj lòt Elèv yo, epi li riske pran reta.

Pòt Circle City Schools yo ouvri a 8:00 am Elèv yo dwe rive lekòl la ant 8:00 am ak 8:15 am; se pandan lè sa a tou yo sèvi dejene an. Elèv ki rive ant 8:15 am ak 9:00 am ap toujou konsidere kòm anreta, men y ap toujou resevwa yon dejene konplè. Elèv ki rive a 9:01 am oswa pita yo konsidere kòm anreta tou epi yo P AP resevwa dejene.

Lè pou make anreta ap kòmanse a 8:16 am. Pou sekirite tout elèv yo, li obligatwa pou yon paran oswa responsab akonpaye elèv yo rive nan biwo akèy la pou yo ka anrejistre. Elèv ki pa gen yon responsab ki akonpaye yo ap rete nan biwo akèy la jiskaske yon paran oswa yon reponsab retounen pou anrejistre yo.

Si yon elèv rive apre 11:30 am san yon avi davans, y ap konte jounen an kòm yon absans.

KONSEKANS RETA

- **Senk reta nan yon mwa:** Si yon elèv anreta (rive apre 9:00 am) senk fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon pwoblèm ki grav. Nan pwen sa a, y ap voye yon avi sou reta elèv la bay fanmi an.
- **Uit reta nan yon mwa:** Si yon elèv anreta (rive apre 9:00 am) uit fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon pwoblèm ki grav. Fanmi yo ap oblije rankontre ak yon Responsab lekòl la pou mete yon plan "Alè" an plas.
- **Douz reta nan yon mwa:** Si yon elèv anreta (rive apre 9:00 am) douz fwa nan yon mwa, yo konsidere sa kòm yon pwoblèm ki grav anpil epi ki gen gwo efè sou aprantisaj elèv la. Lè elèv la rive nan douzyèm reta a, paran yo dwe rankontre ak Responsab Sekirite ak Prezans Rezo a pou yo revize plan "Alè" a anvan yo bay elèv la aksè konplè nan aktivite lekòl yo, ki gen ladan l men pa limite ak aktivite apre lekòl, fèt trimès yo, ak jounen yo gen dwa pou yo pa mete inifòm yo (jounen koulè).
- **Responsab Sekirite ak Prezans Rezo a ap trete chak ka kote gen trèz reta oswa plis nan yon mwa, oswa reta ki twòp**, sou baz endividyèl.

RÈGLEMAN KONSÈNAN POLITIK PREZANS ELÈV YO

Nou pran angajman pou nou fè chak minit tan aprantisaj konte. Pou elèv yo ka aprann epi rive atenn kapasite akademik yo, yo dwe nan lekòl chak minit nan chak jou. Etandone vitès rapid nou an ak gwo nivo nou an, rate menm inèdtan ansèyman ka lakòz elèv yo pran reta. Fanmi yo ta dwe pwofite lè nou lage pi bonè yo chak semèn, ansanm ak jou vakans yo, pou pran randevou epi vwayaje.

Menmsi tan aprantisaj sakre, nou rekonèt ke gen sitiyasyon kote elèv yo ka bezwen rate lekòl. Absans sa yo ap konsidere kòm **valab** (dapre chapit 20-33-2 Kòd Indiana a), si yo bay bon dokiman yo:

- Lanmò yon manm fanmi pwòch; (paran, responsab, granparan, matant, tonton, frè oswa sè, pitit, bèlmè, bòpè, oswa lòt fanmi ki abite nan menm kay la) **Remak: pa dwe depase 3 jou sof si Direktè Lekòl la bay apwobasyon davans**
- Maladi ki verifye ak yon nòt doktè yo bay lè elèv la retounen lekòl oswa yon nòt paran/responsab **Remak**: **si elèv la absan pandan 3 jou youn dèyè lòt, l ap nesesè pou bay yon nòt doktè ki endike dat elèv la ap retounen**
- Vizit kolèj; sèvi kòm paj pou Indiana General Assembly; manda pou parèt devan tribinal; sèvis jiri; ede nan eleksyon vil, espesyal, oswa primè; elèv yo voye fè sèvis ak Indiana National Guard (jiska 10 jou) oswa civil air patrol (jiska 5 jou) avèk verifikasyon ki apwopriye; (si elèv la gen bon rezilta akademik jan direksyon lekòl la deside sa) elèv oswa moun nan kay la k ap patisipe oswa k ap fè ekspozisyon nan Fwa Eta a (jiska 5 jou) epi (si elèv la gen bon rezilta akademik, jan direksyon lekòl la deside sa) patisipasyon elèv nan yon konpetisyon, yon ekspozisyon, oswa yon evènman pwograme FFA Nasyonal la oswa FFA Indiana a oswa yon ekip 4-H ofri pou rezon edikatif jan paran elèv la pwouve sa alekri epi jan direktè lekòl elèv la apwouve sa alekri (jiska 6 jou); jou fèt relijye yo **dokimantasyon obligatwa**

Absans sa yo ap konsidere kòm absans ki **pa valab**:

- Maladi san dokiman/kominikasyon
- Pwoblèm transpò
- Vakans- sof si yo ranpli epi Direktè Lekòl la apwouve Demann Absans Planifye a omwen de semèn davans.
- **Remak: reta ak depa anvan lè yo ap konsidere kòm absans ki pa valab tou sof si yo antre nan kategori absans ki valab oswa nan kad yon mezi disiplinè.**

Remak: Paran/responsab la ap resevwa yon apèl otomatik chak jou pou tout absans ki pa valab yo.

KONSEKANS POU ABSANS KI PA VALAB YO

- Si yon elèv gen 3 absans ki pa valab, paran/responsab la ap oblije patisipe nan yon apèl sou prezans ak yon manm Ekip Sipò pou Elèv yo pou kreye yon Plan Reyisit pou Prezans.
- Si yon elèv gen 5 absans ki pa valab **nan yon peryòd 10 semèn**, paran/responsab la ap oblije patisipe nan yon reyinyon/konferans sou prezans ak yon manm Ekip Sipò pou Elèv yo pou kreye yon Plan Aksyon pou Prezans pou amelyore abitid prezans yo.
- Apre 8 absans ki pa valab, y ap pwograme yon dezyèm reyinyon obligatwa ansanm ak yon vizit lakay pou diskite sou vyolasyon Plan Aksyon pou Prezans lan, lòt difikilte fanmi an genyen, ak posiblite pou elèv la pèdi kèk privilèj.
- Apre 10 absans ki pa valab, yo konsidere elèv la kòm yon elèv ki toujou absan, epi l ap oblije patisipe nan yon konferans obligatwa ak pèsonèl lekòl la. Lekòl la ap voye yon avi legal epi li oblije fè yon rapò bay Depatman Sèvis pou Timoun yo ak/oswa voye dosye a bay biwo Pwokirè Konte Marion an.

KONSEKANS POU ABSANS KWONIK

Yon elèv ki rate 10% oswa plis jou lekòl, ki gen ladan absans ki valab e ki pa valab, yo konsidere li kòm ***toujou absan***. Si yo konsidere yon elèv kòm toujou absan nan nenpòt ki pwen nan ane lekòl la, li gen plis chans pou yo fè li double klas li ye nan moman an pou ane lekòl ki vin apre a.

Règleman sa a pral swiv pou sipòte prezans tout elèv nou yo:

1. Si yon elèv rive nan 9 jou absans total (valab ak pa valab), paran/responsab la ap oblije patisipe nan yon apèl ak Responsab Sekirite ak Prezans Rezo a pou diskite sou siveyans prezans lan.
2. Si yon elèv rive nan 14 jou absans total (valab ak pa valab), paran/responsab la ap oblije patisipe nan yon reyinyon an pèsòn ak pèsonèl lekòl la epi siyen yon kontra prezans.
3. Si yon elèv rive nan 18 jou absans total oswa plis (valab ak pa valab), lekòl la ka depoze yon rapò bay otorite legal ki apwopriye a. Sa ka mete elèv la an risk tou pou li double klas ak/oswa pou yo ekspilse li.

Absans repete	Reta	Absans kwonik
3 absans ki pa valab: apèl sou plan reyisit pou prezans	5 reta ki pa valab: lèt reyisit/resous	9 jou absans valab ak ki pa valab: avi siveyans, edikasyon ak objektif
5 absans ki pa valab: reyinyon sou pwoblèm prezans ak NSAO/plan aksyon pou prezans	8 reta: apèl nan telefòn pou adrese enkyetid yo	14 jou absans valab ak ki pa valab: kontra prezans ak reyinyon familyal ak NSAO
8 absans ki pa valab: avètisman sou prezans ak vizit lakay	12 reta: reyinyon entèvansyon sou reta ak NSAO/plan Alè	18 jou oswa plis absans valab ak ki pa valab: avi legal, konferans ak pèsonèl lekòl la, posib pou refere bay DCS/MCPO, ak revizyon pou double klas
10 absans ki pa valab oswa plis: konferans ak lekòl la epi refere bay DCS ak/oswa biwo Pwokirè Konte Marion an, pèdi privilèj	Twòp reta, 13 oswa plis: posib pou pèdi privilèj ansanm ak konferans ak pèsonèl lekòl la	Remak: ***Nenpòt konbinezon absans repete, reta ak depa anvan lè ansanm ak lòt faktè kapab mete pitit ou an risk pou yo ekspilse li apati 7/1/2026***

AVÈTISMAN LEKÒL LA

Lè gen yon absans, nou mande pou paran/responsab yo avize Lekòl la anvan 8:00 am lè l sèvi avèk youn nan metòd ki anba yo pou lekòl elèv ou a. Lekòl la ap voye yon apèl otomatik bay tout paran/responsab pou tout elèv absan yo si pa gen okenn kontak anvan 9:30 am.

	Circle City Prep	**ACE Prep**
Telefòn	(317) 643-4209	(317) 744-9847
Voye yon tèks nan	(317) 970-4225	
Imel	receptionist@circlecityprep.org	frontoffice@aceprepacademy.org

FÈMEN AKÒZ MOVE TAN

Si move tan an rive, tankou gwo nèj oswa glas, tanpri verifye estasyon televizyon lokal ou a, estasyon radyo yo, oswa al gade paj Facebook nou an.

An jeneral Circle City Schools swiv menm règleman sou reta ak anilasyon ak Indianapolis Public Schools (IPS). Si Indianapolis Public Schools yo fèmen akòz move tan, anjeneral, lekòl nou yo fèmen tou. Si gen yon reta 2 èdtan, Circle City Schools yo ap ouvri pòt nou yo a 9:55am epi elèv yo ap konsidere kòm anreta a 10:15 am oswa apre.

Ranplase jou pa t gen lekòl akoz move tan- Si Circle City Schools bezwen ratrape jou kou paske yo te fèmen akoz nèj, fanmi yo ap resevwa yon mesaj alè atravè yon nòt alekri lakay yo, yon kanè nouvèl, yon anons sou rezo sosyal ak yon apèl. Yo ka ajoute jou ratrapaj nan fen ane kalandriye a.

LIFEWORK (DEVWA LAKAY)

Devwa Lifework la se yon eleman esansyèl pou siksè akademik pitit ou a. Pwofesè nou yo kreye ak anpil atansyon Devwa Lifework chak swa ki bay elèv yo opòtinite pou pratike epi metrize konpetans akademik y ap aprann nan klas la. Elèv yo resevwa devwa Lifework chak swa apati kindègadenn epi kantite a ap ogmante pandan y ap monte nan pwochen nivo klas la. Opòtinite pou pratike konpetans yo aprann pandan tout jounen an enpòtan anpil pou siksè akademik elèv yo. Apati 3yèm ane, elèv yo ap resevwa nòt nan kaye nòt la pou devwa sa yo. Nan lekòl elemantè, elèv yo ap resevwa nòt Devwa lakay chak semèn nan klas kontni debaz yo.

Kidonk, elèv yo p ap gen okenn rezon pou yo pa konplete Devwa Lifework yo. Si pitit ou a absan, Devwa lakay la ta dwe konplè epi mete ajou lè yo retounen.

Nou atann pou elèv yo fè tout devwa Lifework yo chak jou. Si yo pa fè devwa Lifework la, li pa konplè, oswa li pa bon kalite, y ap avize paran an oswa responsab la. Pousantaj yo rive fè nan devwa Lifework la pral konte kòm yon nòt epi l ap parèt nan kanè yo. Si yon elèv kontinye pa fè devwa Lifework yo oswa li pa fè yo twòp fwa, yon manm Ekip Ansèyman an ap fè swivi avèk li.

Nou ankouraje fanmi yo pou yo chwazi yon lè ak yon kote pou elèv yo ka konplete devwa Lifework la. Nou pa konsidere sipò paran yo bay pou devwa Lifework yo kòm triche (bay poul) — sipò paran yo se yon eleman kle nan reyisit elèv yo. Elèv yo ta dwe ka konplete Devwa lakay poukont yo, men nou ankouraje paran yo pou yo verifye travay yo, epi reponn nenpòt kesyon. Anplis de sa, nou ka bay Devwa lakay pou yo fè ansanm - pa egzanp, kat memwa pou aprann mo ou ka wè souvan, oswa fè elèv yo li yon liv awotvwa pou yon paran/responsab.

RÈGLEMAN SOU INIFÒM LEKÒL

Règleman sou inifòm nou an fèt pou minimize distraksyon, ogmante konsistans, sipòte yon sans kominote solid, epi kreye yon anviwònman ki konsantre e kalm. Vyolasyon règleman sa a afekte tout kominote lekòl la; kidonk, elèv yo dwe mete inifòm lekòl konplè yo chak jou, menm nan vwayaj lekòl yo. Gen plizyè opòtinite pandan tout ane lekòl la pou elèv yo abiye yon fason ki pi senp epi pou yo pa mete inifòm, sa ap kominike davans. Si w gen nenpòt enkyetid oswa obstak pou jwenn nenpòt pati nan inifòm lekòl nou an pou elèv ou a, tanpri kontakte Ekip Sipò Elèv la. Nou pral fè tout sa nou kapab pou ede w.

Elèv yo dwe mete bagay sa yo chak jou:

RÈGLEMAN KONSÈNAN INIFÒM	
Mayo	**CCP**: Gri (Kindègadenn – 2yèm ane), wouj (3yèm– 5yèm ane), Nwa (6yèm - 8yèm ane) mayo polo ak logo lekòl la ak manch kout oswa long. **ACE**: Ble (Kindègadenn- 3yèm ane), gri (4yèm-6yèm ane) mayo polo ak logo lekòl la ak manch kout oswa long. Ou ka mete mayo lekòl la oswa mayo inivèsite a vandredi oswa jan anplwaye yo deside lòt bagay.
Mayo fredi ak chanday	Yo pèmèt chanday, mayo polo, ak mayo fredi ki gen logo lekòl la. Elèv yo ta dwe mete polo koulè ki apwopriye pou logo yo anba chanday, mayo polo ak mayo fredi yo. *Chanday ak mayo polo ki pa gen logo nou an pa otorize epi y ap mande elèv yo pou yo retire yo lè yo rive lekòl la.* *Elèv yo pa dwe mete okenn rad ki gen chapo nan bilding nan. Atik ki anba inifòm ki gen chapo yo ou dwe retire yo.*
Pantalon	Pantalo kaki, bout pantalon kaki, mayo kaji, jip oswa panntajip anba jenou. Yo ankouraje elèv yo, men yo pa oblije, mete chòt oswa kolan anba jip ak chanday yo pou fasilite mouvman ak patisipasyon nan aktivite lekòl yo, tankou rekreyasyon, edikasyon fizik, ak chita atè a.
Soulye	Soulye fèmen, plat, ak semel kawoutchou. (Nòt: Crocs PA adapte ak inifòm) Soulye yo ta dwe toujou lase. Si Elèv ou a pa kapab mare lasèt soulye l poukont li, li kapab e li ta dwe mete soulye ki gen bagay ki tache pito. Soulye klere, sandal, soulye talon, bòt, ak soulye ak woulèt PA otorize Yo ka mete bòt nèj oswa bòt lapli pou ale lekòl epi pou soti lekòl selon move tan an, men elèv yo dwe pote yon pè soulye ki konfòm ak inifòm nan valiz yo pou yo patisipe nan rekreyasyon ak edikasyon fizik.
Sentiwon	Nou **pa** ankouraje sof si yon elèv ka detache epi retache senti l poukont li.
Bijou	Elèv yo pa gen dwa mete bijou ki deranje moun. (pa egzanp, bijou ki distrè atansyon moun nan aprantisaj) Mont ki pale oswa bipe yo deranje moun epi yo pa pèmèt.
Chapo	Elèv yo pa gen dwa mete chapo, kapichon, oswa lòt bagay sou tèt yo nan bilding nan, sof si se pou rezon relijyon oswa avèk apwobasyon yon responsab.

Vyolasyon Inifòm

- Elèv ki pa mete inifòm ap resevwa yon kominikasyon nan men yon manm ekip sipò elèv la
- Tou depan de gravite vyolasyon an, yo ka retire elèv la nan klas la epi yon paran/responsab ka oblije pote yon rad de rechanj pou elèv la ki respekte règleman inifòm nou an.

- Elèv ki mete yon bagay ki pa respekte règleman inifòm nou an epi ki fasil pou retire, y ap mande yo pou yo retire l epi mete l nan valiz yo oubyen sou kwòk yo pou rès jounen an. Sa gen ladan l bijou ki distrè atansyon, chapo, ak mayo fredi ak chanday ki pa gen logo.
- Si yon elèv pa respekte règleman inifòm nou an avèk abitid ki montre yo fè espre (5 vyolasyon nan yon trimès), sa ka lakòz lòt konsekans anplis, tankou, men pa limite ak, yon reyinyon paran/responsab ak Ekip Sipò Elèv la, pèt privilèj nan semèn espirityèl oswa lòt jou pou abiye dekontrakte, oswa detansyon apre lekòl (pou elèv MS sèlman).
- Chak fwa sa posib, y ap prete elèv yo rad lè yo pa gen inifòm yo, avèk espwa pou yo remèt yo lè lekòl lage oubyen pou yo retounen yo lekòl la san pèdi tan.

Lòt Gid

Elèv yo gen dwa pote valiz pou materyèl lekòl yo. Valiz yo rete nan zòn depo ki la pou elèv la. Elèv yo ap gen aksè a valiz yo selon sa pwofesè a deside, epi responsab lekòl la ka fouye yo si yo gen yon rezon pou yo sispèk elèv la te vyole lalwa oswa yon règ lekòl la.

Nenpòt rad oswa aparans (ki gen ladan cheve, makiyaj, oswa kitèks zong) ki, dapre sa Responsab la panse, ka lakòz dezòd oswa deranje fonksyònman nòmal lekòl la, p ap otorize. Sepandan, Responsab yo ap fè aranjman rezonab pou kwayans relijye yo.

POZ POU ALE TWALÈT AK AKSIDAN ELÈV YO

Nou bay 3-4 poz twalèt konplè nan klas la chak jou epi nou ankouraje elèv yo pou yo itilize etablisman yo nan moman sa yo. Poz twalèt endividyèl yo deranje aprantisaj la epi anplwaye yo pa kontwole yo. Se poutèt sa, yo vrèman dekouraje yo. Si yon elèv bezwen plis opòtinite pou itilize twalèt la, paran(yo)/ responsab(yo) ta dwe bay biwo akèy la yon nòt doktè anvan yo ba li aranjman sa a.

Paran elèv kindègadenn yo ak elèv ki pi gran ki gen yon istwa aksidan nan twalèt yo oblije voye yon lòt pantalon, kilòt ak chosèt lekòl la. Pitit ou a ka chanje rad byen vit e fasilman si paran yo bay yon rad de rechanj. Si yon timoun fè yon aksidan epi li pa gen rad pou chanje, n ap prete l pantalon, nouvo kilòt, ak nouvo chosèt chak fwa sa posib pou pitit ou a. Pantalon yo prete yo dwe lave epi retounen lekòl la nan 7 jou. Nou pa ka garanti rad pou chanje elèv yo, kidonk sa ka mande pou paran/responsab la pote yon seri rad pwòp pou elèv la.
Si yon elèv pipi oswa tata pa aksidan sou li souvan epi li pa remèt rad li te prete yo, Circle City Schools ka refize prete l plis rad epi mande pou paran/responsab la pote yon nouvo seri rad pou elèv la.

MATERYÈL LEKÒL

Fason ki pi fasil pou jere materyèl nan klas primè yo san deranje tan klas la oswa san pou elèv ki pa prepare se pataje founiti yo nan salklas yo. Menmsi Circle City Schools ap toujou bay Elèv yo materyèl ki nesesè pou yo fini travay yo, yo mande fanmi yo pou yo achte materyèl lekòl lekòl la mande yo. Circle City Schools ap bay tout fanmi yo yon lis materyèl lekòl nan kòmansman ane a epi yo pral mete l disponib sou demann nan biwo akèy la. Ane sa a nou gen yon sit entènèt kote fanmi yo ka kòmande materyèl san yo pa janm bezwen ale nan magazen an!

Etandone kominote a ap itilize materyèl yo, tanpri sonje ou pa ka retounen okenn materyèl ou resevwa nan okenn sikonstans, kidonk tanpri evite ekri non elèv yo sou materyèl yo sof si sa mansyone pi ba a.

JWÈT, TELEFÒN SELILÈ, LAJAN, AK APARÈY ELEKTWONIK, SA GEN LADAN L TEKNOLOJI OU KA METE SOU OU

Pou limite distraksyon, nou mande elèv yo pou yo kite tout jwèt, telefòn selilè, lajan, ak aparèy elektwonik lakay yo. Si elèv yo pote jwèt, telefòn selilè, lajan oswa lòt aparèy elektwonik lekòl la, yo dwe kite yo nan valiz yo epi etenn yo. Piske Circle City Prep pa gen kazye, yo p ap sere afè elèv yo yon kote ki an sekirite. Yo ka fè eksepsyon nan ka ijans, pou jesyon yon pwoblèm medikal ki dokimante, yon IEP oswa Plan Seksyon 504, ak pou elèv ki pale plizyè lang yo. Teknoloji pòtab se yon klas aparèy k ap grandi ki gen ladan l (men pa limite a) kas, AirPods, mont entèlijan, ak kas. Aparèy sa yo souvan fèt pou konekte ak yon telefòn selilè epi kreye plis distraksyon nan anviwònman aprantisaj la. Yo dwe respekte menm règleman lekòl la ak telefòn selilè yo.

Circle City Schools pa responsab pou byen ki pèdi, yo vòlè oswa ki domaje. Y ap sezi objè elèv ki vyole règleman sa a. 1ye fwa a se ap yon avètisman e y ap rele paran an nan telefòn, 2yèm fwa paran an ap gen pou l vin pran objè a e 3yèm fwa a paran an ap gen pou l pran objè a e elèv la ka **resevwa sanksyon**.

LAJAN POU PEYE LEKÒL

Circle City Schools bay tout materyèl chak elèv bezwen nan kòmansman ane akademik la. Si yon elèv pèdi oswa detwi nenpòt nan bagay sa yo, y ap fè fanmi yo peye yon frè. Fòk ou peye frè sa yo nan 14 jou. Circle City Schools ka kòmanse efò koleksyon kont paran oswa responsab yo. Si yon fanmi bezwen sipò pou peye yon frè ak/oswa bezwen nenpòt asistans, yo ka kontakte Direktè Lekòl la, Alise Dalstrom nan adalstrom@circlecityprep.org oswa Amanda Liles nan aliles@aceprepacademy.org. Circle City Schools p ap refize okenn elèv aksè nan edikasyon poutèt nenpòt frè ki poko peye.

Remak:

- Si yon elèv retounen lekòl san Dosye Lifework pou l fè lakay li a pandan de (2) jou youn apre lòt san yon nòt alekri, y ap resevwa yon nouvo dosye epi fanmi an ap peye.
- Si yon elèv kraze kas lekòl li a, fanmi an gen yon semèn (5 jou lekòl) pou ranplase yo. Apre 5 jou, y ap ranplase CCS la epi y ap fè fanmi yo peye.

Atik	**Frè**
Dosye Lifework	$5
Kas	$15
Liv lekòl pou pwogram	$10

VIZIT SOU TEREN (VWAYAJ LEKÒL)

Yo itilize vizit sou teren (vwayaj lekòl) kòm yon ankourajman pou konplete pwogram Circle City Schools. Patisipe nan vwayaj edikatif sa yo se yon privilèj epi se pa yon dwa. Si yon elèv pa respekte valè fondamantal nou yo oswa pa satisfè atant yo pou vwayaj edikatif la, yo ka pa pèmèt li patisipe oswa yo ka mande l pou l ale ak yon granmoun. Si yo pwograme yon pwomnad pandan lekòl la ap fonksyone epi elèv la pa kapab ale, li ap toujou oblije prezan lekòl la.

Tout soti mande yon fich pèmisyon siyen e ane sa a nou pral chanje pou yon fòmilè fich pèmisyon inivèsèl... Sa vle di y ap ranpli yon sèl fich pèmisyon nan kòmansman ane a epi l ap gen ladan tout vwayaj elèv sa a pou ane a. Paran yo ap kapab ranpli epi siyen fòmilè sa a atravè Pòtay Paran PowerSchool yo a. Fanmi yo ap peye yon sèl frè transpò pou vwayaj lekòl ki se $25.00 nan kòmansman ane lekòl la, e sa ap kouvri tout vwayaj lekòl pou elèv sa a pou ane sa a.

Nòt: Elèv lekòl elemantè yo ka patisipe nan vwayaj lannwit lan epi sa ka mande yon frè anplis. N ap sipòte opòtinite pou ranmase lajan pou vwayaj ki gen plis lajan pou peye.

Nòt: Nan kèk ka, moun k ap akonpaye yo ap oblije peye yon ti frè pou yo patisipe nan pwomnad la ak elèv yo a. Ou ka peye sa a atravè PayPal, kat kredi, oswa lajan kach nan biwo akèy la. Si nenpòt lè ou bezwen èd pou peye yon frè aktivite oswa ou bezwen yon plan peman, tanpri kontakte biwo akèy la. Si w pa ka peye frè aktivite a an pati oswa an total PA JANM yon obstak pou enskripsyon.

RÈGLEMAN ANRAPÒ AK KOMINIKASYON SAN FIL

Anjeneral, dapre lalwa Indiana, okenn elèv pa gen dwa itilize yon aparèy kominikasyon san fil pandan lè kou yo.

"Aparèy kominikasyon san fil" vle di nenpòt aparèy pòtab san fil ki gen kapasite pou bay vwa, mesaj, oswa lòt kominikasyon done ant de oswa plis pati, tankou yon telefòn selilè, yon tablèt, yon òdinatè pòtab, yon mont entèlijan, oswa yon aparèy jwèt videyo.

Elèv yo pa gen dwa itilize telefòn selilè, mont entèlijan, oswa aparèy jwèt videyo nan Circle City Schools, epi nou ankouraje fanmi yo pou yo kenbe tout aparèy yo lakay yo. Si yon elèv pote telefòn selilè li nan lekòl la, li dwe **etenn li nèt** epi li dwe rete nan **valiz li pandan tout jounen lekòl la. Gen kèk elèv ki ka gen teknoloji pòtab ak/oswa itilizasyon telefòn selilè kòm yon pati nan IEP yo, 504 yo, oswa plan medikal yo. Y ap kominike sa bay ekip lekòl la pou yo ka itilize l byen.**

Si yo kenbe yon elèv ak telefòn selilè l, kit l ap itilize l kit li pa itilize l, y ap remèt teknoloji a dapre echèl aksyon pou bay sanksyon ki annapre yo:

- **Premye Ofans** - Apre elèv la fin etenn aparèy la, yo pral mete l nan direksyon an epi kenbe nan yon bwat ak kadna konbinezon nan biwo dwayen an jiskaske jounen an fini. Y ap kontakte fanmi an epi y ap ba li enfòmasyon sou pwochen etap yo.
- **Dezyèm Ofans** - Anplis remèt aparèy la, kenbe l nan yon bwat ak kadna nan biwo dwayen an epi kominike avèk fanmi an, elèv la ap oblije remèt telefòn li bay direksyon an nan kòmansman jounen an, apati de kounye a. REMAK: Se **responsabilite elèv** yo pou yo remèt telefòn yo bay direktè a imedyatman lè yo rive lekòl la. Nan pwen sa a, nou ankouraje fanmi yo pou yo kenbe aparèy elèv yo lakay yo pou limite posiblite pou sanksyon yo ogmante.
- **Twazyèm Ofans** - Si yon elèv pa remèt aparèy teknoloji li bay yon responsab epi yo jwenn li genyen l sou li, kit l ap itilize l yon fason aktif, kit li pa fè sa, y ap rele fanmi elèv la imedyatman epi y ap oblije vin chèche elèv la, annatandan sispansyon an.

Elèv yo pèsonèlman e sèlman responsab pou swen ak sekirite aparèy kominikasyon san fil yo pote sou pwopriyete Lekòl la. Lekòl la pa pran okenn responsablite pou vòl, pèt, domaj, move itilizasyon oswa itilizasyon san otorizasyon yon aparèy kominikasyon san fil ki vini sou pwopriyete li a.

Yo ta dwe swiv Règleman sa a ansanm ak Règleman A300 sou Itilizasyon Responsab Teknoloji ak Itilizasyon Entènèt la. I.C. 20-26-5-40.7

AKADEMIK

PERYÒD NÒT, RAPÒ PWOGRÈ, KANÈ, AK REYINYON LEKÒL-PARAN

Gen de peryòd pa ane lekòl. Chak peryòd ap divize an de trimès epi y ap voye kanè ofisyèl yo lakay nan fen yo. Paran/Responsab yo ka jwenn aksè a nòt ak enfòmasyon an tan reyèl atravè PowerSchool. Yo pral distribye kanè rapò yo kat fwa pandan ane lekòl la nan dat sa yo:

- 23 oktòb
- 8 janvye
- 26 mas
- 27 me

Yo dwe vin pran kanè pou premye ak dezyèm trimès yo an pèsòn nan Circle City Schools pandan yon rankont paran-pwofesè. **Yo p ap voye kanè lakay san yon rankont nan trimès sa yo.** Rankont nan 3yèm trimès la obligatwa pou nenpòt elèv ki echwe kounye a epi ki gen risk pou yo double klas la ane ki vin apre a.

RÈGLEMAN POU MONTE NAN LÒT KLAS / DOUBLE KLAS

Règleman pwomosyon Circle City Schools yo chita sou yon ekilib ant konpreyansyon ke pandan elèv yo aprann nan diferan vitès, epi yo ka fè eksperyans plato nan diferan moman pandan y ap grandi, metriz prensip akademik nivo klas la se pi bon mezi pou pwomosyon nan pwochen nivo klas la. Li asire yo yon elèv ka reyisi nan defi akademik nan pwochen nivo klas la.

Circle City Schools konsidere tout pwogrè akademik yon timoun lè y ap deside si li dwe double oswa li pa dwe double, tankou nòt, rezilta evaliyasyon, prezans, laj, ak devlopman sosyal akemosyonèl. ***Se pwofesè klas yo ki fè rekòmandasyon pou monte klas, epi Direktè Egzekitif la ap pran desizyon final sou pwomosyon an ansanm ak Direktè Lekòl la, Direktè Adjwen an, epi dapre lwa Indiana***. Circle City Schools yo rezève dwa pou fè eksepsyon nan règleman sa a nan sikonstans espesyal.

An konfòmite avèk Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki Andikape yo *(*"IDEA"), tout elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyalize ("IEP") oswa Plan Seksyon 504 yo ap bezwen satisfè tout kritè pwomosyon pou Circle City Schools sof si IEP yo endike objektif separe nan domèn kontni patikilye. Si se ka sa a, atenn objektif sa yo yon fason ki bay satisfaksyon ap satisfè eleman sa a nan kritè pwomosyon Circle City Schools.

Paran yo ap resevwa yon avi sou desizyon final Direktè Lekòl la sou retansyon nan yon reyinyon an pèsòn epi y ap bay dokiman alekri konsènan double klas la. Si yo pa kapab pwograme yon reyinyon an pèsòn, fanmi yo ap resevwa kominikasyon alekri pa imel.

RÈGLEMAN KONSÈNAN GRADYASYON

Pou gradye nan 8yèm ane, elèv yo bezwen gen nòt pasaj nan tout kou yo.

EDIKASYON ESPESYAL

Circle City Schools pran angajman yo nan obligasyon legal li pou bay yon edikasyon piblik gratis e apwopriye (FAPE) pou tout elèv yo. FAPE egzije pou lekòl la bay aksè a edikasyon jeneral ak sèvis edikasyon espesyalize. Li egzije tou pou elèv ki andikape yo resevwa sipò gratis menm jan yo bay elèv ki pa andikape yo. Li bay aksè tou a sèvis edikasyon jeneral pou timoun ki andikape yo lè li ankouraje pou yo bay sipò ak sèvis ki gen rapò ak sa yo bay timoun yo nan anviwònman edikasyon jeneral yo jan sa apwopriye pou elèv sa a. Circle City Schools bay yon varyete pwogram edikasyon espesyal pou elèv yo idantifye kòm moun ki gen yon andikap jan sa defini nan Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki

gen Andikap (IDEA) ak Atik 7 Indiana a. Yon elèv ka resevwa sèvis edikasyon espesyal sèlman atravè pwosedi evaliyasyon ak plasman ki apwopriye a. Patisipasyon paran/responsab nan pwosedi sa a obligatwa. Pi enpòtan toujou, Circle City Schools ankouraje paran an pou l patisipe yon fason aktif e ki gen sans, jan sa etabli nan IDEA ak Atik 7 la. Yon paran oswa yon responsab ki kwè elèv li a ka gen yon andikap ki anpeche elèv li a resevwa yon FAPE ta dwe kontakte Direktè Lekòl la.

- **Repons a Entèvansyon / Sistèm Sipò Plizyè Nivo**
    - Si yo deside yon elèv bezwen plis sipò, Circle City Schools ap itilize Pwosesis Repons Entèvansyon (RTI)/Sistèm Sipò Plizyè Nivo (MTSS) l la pou detèmine entèvansyon presi elèv la bezwen. Nan pwosesis RTI a, yon elèv ki gen difikilte resevwa enstriksyon ki pi entansif nan domèn feblès akademik li. Yo siveye pwogrè elèv la, epi si pa gen okenn repons pozitif oswa amelyorasyon, y ap refere elèv la pou yon tès pou gade si l kalifye pou sèvis edikasyon espesyal ak ki sèvis elèv la bezwen pou reyisi.
- **Evaliyasyon Edikasyon**
    - Manm ekip Circle City Schools yo responsab pou siveye akademik ak konpòtman elèv yo pou idantifye elèv ki ka bezwen plis sipò oswa entèvansyon pou reyisit akademik. Si yon manm ekip la remake yon mank amelyorasyon, li ka mande yon evaliyasyon edikasyon yon sikològ lekòl la fè avèk konsantman yon paran/responsab legal. Nan ka sa a, y ap kreye yon Komite Rankont pou Dosye a e li gen ladan l a Chèf Lekòl la, pwofesè a, Responsab Popilasyon Espesyal ak/oswa pwofesè edikasyon espesyal, paran/responsab, ak lòt pwofesyonèl ki enplike jan sa endike nan IDEA a ak Atik 7 la. Komite Rankont pou Dosye a ap fè rekòmandasyon pou konnen si Elèv la kalifye pou edikasyon espesyal epi ki sèvis, si genyen, ki apwopriye pou bezwen inik elèv la.
- **Sèvis yo ofri**
    - Elèv ke Komite Konferans Ka a jije kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yo ap resevwa sèvis yo jije apwopriye jan Komite Konferans Ka elèv la detèmine epi rekòmande. Elèv ki pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal anba IDEA/Atik 7 yo ka konsidere pou sèvis Seksyon 504 anba Lwa Reyadaptasyon an.

ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG (MLL, ELÈV K AP APRANN ANGLÈ)

Nan Circle City Schools, y ap idantifye Elèv ki Pale Plizyè Lang yo atravè yon Sondaj sou Lang Lakay ki ranpli pandan enskripsyon an oubyen ki resevwa nan men yon lekòl anvan. Evaliyasyon WIDA ane pase a pral itilize pou idantifye nivo konpetans yon elèv nan lang angle. Y ap fè yon evaliyasyon pou nouvo elèv ki rive Indiana yo pou gade nivo konpetans yo nan lang Anglè a. Kou yo detèmine yon nivo, pwofesè MLL nou yo ap devlope epi egzekite Plan Aprantisaj Pèsonalize ki apwopriye avèk asistans paran/responsab yo pou satisfè bezwen elèv la. Circle City Schools gen yon entèprèt sou plas oswa yon entèprèt vityèl ki ede nan kominikasyon oral ak alekri ak fanmi MLL yo. Plan sa yo bay lis estrateji, atant apwopriye, ak aranjman pou tès yo. Pwofesè MLL yo ap detèmine sipò ki ka bay yon fason ki entegre tout moun nan klas jeneral la epi ki sipò ki gen gwo bezwen ki mande yon anviwònman apa.

RETIRE NAN LEKÒL LA

Si, pou nenpòt rezon, yo dwe retire yon elèv lekòl la, fanmi elèv la dwe enfòme biwo prensipal la omwen de jou anvan dènye jou prezans lan. Fanmi yo ap oblije ranpli yon fòmilè retrè ki endike rezon ki fè yo kite lekòl la ak non nouvo lekòl la. Si y ap kite eta a, fanmi yo ap gen yon semèn pou bay non nouvo lekòl la anvan Circle City Schools retire elèv la nan lekòl la. Dosye lekòl yo ap voye lè nouvo lekòl la mande yo.

PWOTEKSYON AK SEKIRITE NAN BILGING NAN

Gen yon kantite pwosedi debaz Circle City Schools genyen pou asire sekirite elèv ak anplwaye l yo. Kolaborasyon tout moun ap ede anpil pou garanti aktivite Circle City Schools yo – ansèyman ak aprantisaj – ka dewoule. Circle City Schools yo ka pran aksyon rezonab kont yon elèv ak/oswa paran/responsab si li pa swiv règleman ak pwosedi lekòl la ki ka mete sekirite elèv yo, anplwaye yo ak kominote lekòl la an danje, tankou revoke nan Circle City Schools yo.

ÒGANIZASYON AK AKTIVITE KRIMINÈL YO

Jan sa dekri nan Règleman Konsèy Administrasyon an, lekòl nou an entèdi aktivite òganizasyon kriminèl ak konpòtman gwoup destriktif oswa ilegal menm jan an sou pwopriyete lekòl la, oswa nan bis lekòl yo, oswa nan aktivite lekòl la òganize. Dapre IC 35-45-9-1, "Òganizasyon Kriminèl" vle di yon gwoup fòmèl oswa enfòmèl ki gen omwen twa manm ki swa espesyalman:

- ankouraje, finanse, oswa ede nan; oswa patisipe nan;
- egzije kòm yon kondisyon pou vin manm oswa pou kontinye vin manm; oubyen
- youn nan objektif li yo se komisyon yon krim grav oubyen yon aksyon ki ta yon krim grav si yon granmoun te komèt li oubyen blesi (IC 35-42-2-1).

Lekòl la entèdi reprezay oswa vanjans kont moun ki rapòte aktivite òganizasyon kriminèl ak konpòtman gwoup destriktif oswa ilegal menm jan an, oubyen ki se viktim, temwen, moun ki la pou wè si y ap pase, oswa lòt moun ki gen enfòmasyon serye sou aktivite òganizasyon kriminèl ak konpòtman gwoup destriktif oswa ilegal menm jan an. Tanpri gade règleman konsèy la pou pwosedi presi sou rapò ak envestigasyon.

KAMERA SEKIRITE

Gen kamera ki toupatou nan bilding nan, nan espas komen yo, epi tou deyò bilding nan, toutotou espas la. Aksè ak videyo siveyans yo ap limite sèlman ak Direktè Egzekitif la, Direktè Lekòl yo, Direktè/Responsab Operasyon yo, ak Responsab Sekirite ak Prezans Rezo a. Selon desizyon Direktè Egzekitif la, yo ka bay lòt anplwaye pèmisyon pou gade kèk videyo si sa gen rapò dirèkteman ak yon ankèt ki konsène yo oswa elèv yo.

Eksepte nan sikonstans limite lalwa pèmèt, okenn lòt moun, menm paran yo, pa gen dwa gade klip videyo ki gen rapò ak rezon sanksyon an. Si yo gen pèmisyon pou gade l, moun sa yo pa gen dwa anrejistre l oswa kopye l sou pwòp aparèy yo.

ETABLISMAN FÈMEN

Anba okenn sikonstans, elèv yo pa gen dwa kite bilding yo san pèmisyon. Yon elèv ki gen pèmisyon pou l ale ka sèlman kite lekòl la anba eskòt ak sipèvizyon yon granmoun otorize oubyen, si elèv la nan 5yèm ane oswa pi wo, avèk yon pèmisyon alekri pou l mache retounen lakay li lwen fanmi l. Fanmi yo dwe konnen toulede kanpis yo gen plizyè vwazen, epi yo dwe montre respè ak koutwazi anvè bezwen yo.

RÈGLEMAN POU VIZITÈ YO

Tout vizitè yo oblije prezante yo nan Resepsyon an lè yo antre nan bilding lan epi anrejistre avèk yon kat idantite ofisyèl (pa egzanp, lisans chofè, elt.). Vizitè yo dwe gen yon badj vizitè sou yo, epi vizitè yo dwe minimize deranjman yo epi swiv tout règleman, pwosedi ak atant lekòl la. Nenpòt vizitè, ki gen ladan yon paran/responsab, ki pa prezante tèt li nan biwo a oswa yo jwenn nan bilding lan san otorizasyon, y ap mande l pou l anrejistre nan biwo akèy la. Nou ankouraje paran yo pou yo vizite lekòl nou yo; patisipasyon paran yo detaye ak plis detay pi devan nan manyèl sa a. Nou mande paran yo pou yo avize lekòl nou an

24 èdtan davans pou yo ka akomode yo, epi pou nou asire nou gen yon lis egzak tout vizitè chak jou ki vin nan etablisman nou yo.

Tanpri sonje, nou pa pèmèt paran yo vizite nou pandan premye mwa lekòl la, paske elèv yo ap adapte yo ak lekòl la. Lekòl la kenbe otorite ak kapasite final pou mande pou yo retire nenpòt vizitè ki pa swiv règleman, pwosedi ak atant lekòl la.

PWOSEDI SEKIRITE DIFE

Nan ka ijans – si yon anplwaye wè dife oswa pran sant lafimen – l ap fèmen pòt la epi l ap sonnen alam dife a. Lè anplwaye lekòl yo tande alam lan, y ap rasanble elèv yo nan chanm yo epi y ap soti nan bilding nan dapre plan evakyasyon an ka ta gen dife ki afiche nan chak chanm. Elèv yo ta dwe swiv direksyon anplwaye yo, ki pral mennen elèv yo deyò bilding lan nan kote ki deziyen pou yo, kote anplwaye lekòl la pral mete elèv yo nan liy pa klas epi pran prezans.

Pandan premye mwa lekòl la, epi souvan pandan tout ane a, elèv yo ak anplwaye yo ap patisipe nan egzèsis pou ijans pou asire ke tout kominote lekòl la abitye ak repons ki apwopriye pou pran an ka ta gen yon ijans.

ANVIWÒNMAN KI SAN DANJE POU MOUN KI GEN ALÈJI

1. Anviwònman San Nwa (Tout Kanpis yo)- Egzijans sa a aplike pou tout kanpis Circle City Schools yo, tankou Circle City Prep ak ACE Prep.
    a. Li entèdi pou pote oswa itilize nwa ak pwodwi ki gen nwa anndan bilding lekòl yo.
    b. Sa gen ladan l manje pou anplwaye yo, aktivite nan sal klas yo, selebrasyon, ak evènman yo.
2. Egzijans San Latèks (Circle City Prep Sèlman)- Egzijans sa a aplike sèlman pou kanpis Circle City Prep la epi li pa aplike pou ACE Prep.
    a. Li entèdi pou achte oswa itilize pwodwi ki gen latèks anndan bilding Circle City Prep la, ki gen ladan l men pa limite ak balon ansanm ak gan jetab.
    b. Yo ka sèlman achte oswa pote altènativ ki pa gen latèks (pa egzanp, balon mylar/ aliminyòm, gan nitril oswa vinil) nan etablisman an.

ENFÒMASYON PARAN/RESPONSAB

Patisipasyon paran yo nan lavi edikasyon yon timoun enpòtan anpil pou siksè yon timoun. Nou ankouraje paran yo pou yo devlope patenarya pozitif ak lekòl la.

DWA PARAN YO POU YO RESEVWA ENFÒMASYON

Sou demann yon paran, Lekòl la ap bay enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè klas pitit yo a, tankou si pwofesè elèv la (a) satisfè kritè kalifikasyon ak lisans Endyana pou nivo klas ak matyè pwofesè a, (b) ap anseye anba yon sitiyasyon kalifikasyon/lisans ijans oswa lòt sitiyasyon kalifikasyon/ lisans pwovizwa, oswa (c) te sibi disiplin kont lisans pwofesè a, epi si elèv la ap resevwa sèvis nan men parapwofesyonèl epi, si se ka a, kalifikasyon yo.

KLAS VIZITÈ

Lekòl nou an gen yon règleman pòt ouvè ki pèmèt paran yo chita nan klas nenpòt ki lè apre premye mwa lekòl la si yo bay paran yo yon avi 24 èdtan davans. Nan kòmansman lekòl la, li enpòtan pou elèv yo adapte yo ak nouvo anviwònman yo a, epi prezans paran yo nan klas la ka ralanti pwosesis sa a. Apre sware Rankontre Pwofesè nou an, nou ankouraje paran yo pou yo vin nan klas la epi wè pwofesè ak elèv estrawòdinè nou yo nan travay yo. Lè paran yo ap obsève nan klas la, yo mande pou yo pa deranje edikasyon pitit yo oswa lòt timoun yo, ni pou yo pa eseye fè konvèsasyon endividyèl ak pwofesè a pandan lè enstriksyon an. Y ap mande paran ki deranje pwosesis edikasyon an pou yo ale. Paran yo bezwen anrejistre nan Biwo Akèy la anvan yo vizite yon salklas epi yo bezwen mete yon badj vizitè sou yo pandan yo nan Circle City Schools yo.

SIKILÈ A

N ap voye bilten nouvèl nou an chak mwa, premye jou nan mwa a, epi l ap gen ladan l dènye nouvèl tankou evènman k ap vini yo, dat enpòtan yo, ak lòt enfòmasyon enpòtan sou lekòl la. Fanmi yo envite pou li chak edisyon ak anpil atansyon, paske l ap gen detay enpòtan sou aktivite ak anons nan tout lekòl la.

Nou itilize ParentSquare kòm prensipal zouti kominikasyon nou an. Yo mande tout fanmi yo pou yo gen kont ParentSquare ak PowerSchool aktif. Pwofesè yo ak anplwaye yo pral itilize platfòm sa yo pou kominike avèk fanmi yo chak jou.

REYINYON PARAN YO

Reyinyon paran-pwofesè yo se yon eleman enpòtan nan pwogram edikasyon nou an. Paran yo oblije patisipe nan reyinyon nan fen premye trimès la (23 oktòb) ak dezyèm trimès la (8 janvye) epi nan lòt moman, jan pwofesè klas la, Direktè Adjwen an oswa Direktè Lekòl la mande sa. Paran yo ka mennen timoun yo avèk yo, men yo dwe sipèvize yo pandan y ap lekòl la.

PANTHER PARENTS AK DEFANSÈ ACE YO

The Panther Parents yo se yon òganizasyon paran ki angaje pou travay ansanm pou byen lekòl la. The Panther Parents reyini chak mwa pou pale sou pwojè nan lekòl la epi travay pou atenn objektif komen.

POLITIK TIT IX

Si nenpòt nan paran/responsab yo kwè yo menm, oswa pitit yo te viktim asèlman, yo ta dwe depoze yon plent bay Kowòdonatè Tit IX nou an. Sa ka fèt alekri oswa oralman.

Lekòl	Circle City Prep/ACE Prep
Kowòdinatè Tit IX la	Chandra Patton
Telefòn	317-641-0356
Imel	cpatton@circlecityschools.org

Tout paran/responsab ta dwe pran nòt espesyal, jan sa mansyone pi wo a, ke pran revanj kont yon moun ki pote plent pou asèlman, ak pran revanj kont moun ki kolabore nan yon ankèt sou yon plent asèlman ilegal epi òganizasyon sa a p ap tolere sa.

BYEN KI PÈDI AK BYEN YO VÒLÈ

Nou ankouraje fanmi yo pou asire ke elèv yo pa pote objè ki gen valè lekòl la. Nenpòt bagay elèv yo pote lekòl la ki ka deranje aktivite yo, y ap sezi yo nan Circle City Schools. Nou fè tout efò rezonab pou nou remèt tout byen pèsonèl bay paran ki konsène a; sepandan, Circle City Schools pa responsab pou ranplase byen ki pèdi, ki domaje oswa yo vòlè, ni pou konpanse fanmi an pou valè byen sa a.

TRANSPÒ

Circle City Schools ofri transpò soti nan kanpis ACE Prep la pou rive nan kanpis Circle City Prep la.

Aranjman Transpò

